



www.contracovid.com

Resous pou Kominote Boston an (COVID-19)

[Share on Facebook](#)

Dokiman sa a te konpile pou konsolide resous ki disponib nan Boston pou ede kominote Boston an pandan tan sa a. Tanpri voye yon imèl bay contracovid@gmail.com si w wè nenpòt enfòmasyon ki pa kòrèk oswa si ou ta renmen ajoute nenpòt ki lòt enfòmasyon.

Tradiksyon: [English](#) | [Español](#) | [Português](#) | [Kreyòl](#) | [普通話](#) | [中文](#) | [عربي](#)

[Mizajou, COVID-Liy dirèk, enfòmasyon ofisyèl](#)

[Resous Manje ak opsyon livrezon](#)

[Manje pou tout](#)

[Manje pou timoun ak jèn](#)

[Manje pou granmoun aje \(60+\)](#)

[Pòtal pou Lòt Sèvis](#)

[Sante](#)

[Asirans ak kouvèti COVID obligatwa](#)

[Medikaman, Ranplisman pou preskripsyon, akouchman](#)

[Asistans Finansyè pou Ijans](#)

[Enfòmasyon pou anplayè](#)

[Asistans Lajan Kach](#)

[Travayè nan restoran](#)

[Peman sèvis piblik ak fèmen sèvis](#)

[Edikasyon](#)

[Resous Sante Mantal](#)

[Enfòmasyon](#)

[Ekip Sipò pou Ijans](#)

[Mobil kriz ekip](#)



www.contracovid.com

[Liy dirèk pou swisid ak kriz](#)

[Sipò pou adiksyon](#)

[Terapi / konsèy](#)

[Resous vyolans domestik ak abi](#)

Mizajou, COVID-Liy dirèk, enfòmasyon ofisyèl

- **Pou nouvell chak jou sou Kowonaviris nan Boston, voye yon tèks BOSKreyol nan 99411**
- **COVID-19 Liy Dirèk, ki disponib 24/7, rele 211**
 - Moun k ap rele konpoze 2-1-1 pral tande yon mesaj otomatik avèk yon meni opsyon. Moun ki rele yo ap bezwen peze 2-6 pou enfòmasyon sou kowonaviris lan
 - Pou enfòmasyon ki disponib konsènan prevansyon COVID-19, sentòm ak tretman, tès, ak konsèy pou moun kap planifye oswa retounen de yon vwayaj
 - Operatè ki pale Kreyòl ak plis ke 150 lòt lang disponib pou sipòte sèvis entèprèt en liy ki disponib 24/7.
- [Sit ofisyèl repons COVID-19 nan eta Massachusetts](#)
 - Bay enfòmasyon sou COVID-19 (tès, kritè pou karantèn, sentòm, enfòmasyon pou founisè swen sante yo)
 - [Enfòmasyon espesifik pou tès](#)
 - Enfòmasyon sa yo soti depi Laboratwa Sante Piblik, avèk rekòmandasyon doktè.
 - Si ou gen sentòm, kontakte doktè ou oswa yon sant sante lokal yo menm kote a. Pou jwenn yon sant sante kominotè lokal, ale sou [sit entènèt sa a](#).
 - Klinisyen ki gen pasyan yo panse ki ka gen sentòm ki konsistan avèk COVID-19 dwe kontakte Depatman Sante Piblik atravè liy EPI (617-983-6800). Gen plis enfòmasyon [isit la](#).
 - Pou asistans navige sit entènèt sa akòz yon baryè langaj, rele 781-428-4548.

Resous Manje ak opsyon livrezon





Manje pou tout

- Pou Food Pantry/Bank ki pi prè ou, vizite [Greater Boston Foodbank la](#)



www.contracovid.com

- Chache nan vil oswa kòd postal kote ou rete pou yon lis nan ajans nan kominote w la.
- Chwazi 'Plis Enfòmasyon' pou lè operasyon ak nimewo telefòn ajans yo. (Nou rekòmande pou rele davans pou verifiye lè operasyon ajans yo.)
- Pou jwenn aksè a manje nan Massachusetts, rele [FoodSource](#) nan 1-800-645-8333, TTY 1-800-377-1292
- Aplike nan [pwogram notrisyonèl WIC](#) pou fanm, ti bebe ak timoun pou asistans pou achte pwovizyon abòdab yo.
- Jwenn èd pou aplike pou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè (SNAP), ke yo te konn rele kupon pou manje
 - kiyès ki kalifye? SNAP se pou tout moun. Si ou nan limit revni ki nan lis sa, ou ka kalifye.

Household Size	Gross Monthly Income Limit <small>(before taxes or healthcare is taken out)</small>
	\$2,127
	\$2,873
	\$3,620
	\$4,367
Each additional member	+\$747

- Rele 617-598-5022 oswa Imèl: SNAP@gbfb.org pou detèmine si ou kalifye ak jwenn asistans ak aplikasyon an
- Uber EATS ap ofri **sèvis livrezon gratis**

Livrezon Manje:

- Instacart: [https://www.instacart.com/grocery-livrezon / boston](https://www.instacart.com/grocery-livrezon/boston)
- Peapod: <https://www.peapod.com>
- Amazon Fresh: <https://www.amazon.com/fmc/learn-more>

Manje pou timoun ak jèn

- Lekòl piblik Boston yo fèmen, men kòmanse 17 Mas, jèn ak elèv ka kontinye ranmase manje ke yo tap resevwa menmjan lè yo ta pral lekòl. Tout sit pick-up yo mete kanpe yo dwe "grab and go". Tanpri kenbe 2 mètr distans ant ou menm ak lòt moun lè w al pran manje. Orè operasyon varye. [Klike la a pou ou ka konn ki kote ak kilè.](#) Si w bezwen asistans, rele 1-781-428-4548.



Manje pou granmoun aje (60+)

- Meals on Wheels ap kontinye bay sèvis pou granmoun aje yo, yo ka pap delivrel oubyen ou ka pase pranl. Ou ka pase pran manje de 11:30 a 12:30 nan kafe kominote yo e ou ka jwenn yo [isit la](#). Ou ka enskri pou chwa livrezon manje lè ou rele 617-477-6606. Si ou bezwen asistans pou tradiksyon, pandan wap navige sou sit entènèt sa, rele 781-428-45-48.

Pou rezidan Cambridge yo

• [Cambridge Community Food Line](#) se yon sèvis livrezon manje pou rezidan Cambridge ki pa gen sekirite manje. Sèvis la pral delivre yon sak pwodwi ak lòt bagay chak semèn pou moun ki elijib yo ak fanmi yo jiskaske depo manje ak pwogram repa yo re-louvri. Ou kalifye pou sèvis livrezon makèt sa a si:

- o Pwogram gadmanje oswa manje ou itilize a fèmèn jiska yon lòt avi
- o Ou te pèdi travay ou oswa yon pati nan revni ou e ou pa kapab peye makèt nan moman sa a
- o Ou rete lakay ou akòz maladi, andikap, oswa karantèn epi ou pa gen sipò ki ka pote manje
- o Ou gen anpil risk pou COVID-19 epi ou pa gen aksè a yon sous manje regilye
- o Remak: Liy Manje Kominote Cambridge la ap ofri manje a pou nenpòt moun ki satisfè kritè anwo a, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo.
- o Pou'w patisipe, rele 617-349-9155. Y'ap mande w kite yon mesaj ak non'w, nimewo'w, ak adrès ou. Yon manm pèsònèl nou ap retounen'w apèl la nan 24 èdtan pou konfime ke ou satisfè kritè yo pou livrezon manje a. Si ou satisfè kritè yo, ou n'ap ajoute'w nan lis distribisyon chak semen nan.

Lojman

- Pou moun ki sanzabri
 - [Depatman Lojman ak Devlopman](#) Kominotè bay opsyon lojman abòdab, asistans finansye, ak lòt sipò pou kominote Massachusetts yo. Aplikasyon liy Ajan Remot yo aktivman resevwa apèl yo. Tout aplikan ka rele (866) 584-0653 pou pale ak yon koòdonatè. Si ou pa kapab pale dirèkteman ak yon moun, kite yon mesaj detaye, y'ap reounen'w apèl la. Pou plis asistans oswa kesyon, ou ka jwenn Espesyalis Sèvis Konstitisyonèl DHCD nan (617) 573-1377.



www.contracovid.com

- Pou lokatè ak pwopriyete kay:

- Fon Sekou Lwaye

- o Vil Boston mete sou pye yon fon pou ranfòse lwaye ki gen apeprè \$ 3 milyon dola pou ede rezidan Boston ki gen risk pou pèdi kay yo lwe a. Aplikasyon yo ka soumèt apati de 6 avril.

- o Fon sa se pou moun ki pa gen aksè a benefis chomaj elaji, oswa , akòz nati travay yo, benefis chomaj yo pral resevwa reprezante yon gran rediksyon nan revni aktyèl yo.

- o Plis enfòmasyon disponib [isit la](#). Aplikasyon an disponib [isit la](#).

- Pwogram Asistans Rezidans pou Fanmi ki nan Tranzisyon

MetroHousing Boston ap bay fanmi ki kalifye yo jiska \$ 4,000 pou sekou lojman nan [pwogram Asistans Rezidans pou Fanmi ki nan Tranzisyon \(RAFT\)](#).

- o Kalifikasyon

- RAFT disponib kounye a pou plis moun ki enkli endividyèl, fanmi ki gen timoun ki gran, koup ki pa gen timoun, jèn endepandan yo ak lòt kalite sitiyasyon. TOUT RÈGLEMEN POU PROGRAM an AK egzijans RETE menm jan an.
- Revni yon kay dwe moin 50 pousan revni [zòn medyàn nan \(AMI\)](#).
- Kay ki konpoze de de oswa plis moun kap viv ansanm, youn nan yo se yon timoun ki depann de laj mwens de 21 zan. Yon manman ansent kalifye si li se tèt kay la.
- Moun, fanmi ki gen timoun ki pi gran, koup san timoun, jèn ki pa akonpaye, ak kay ki gen nenpòt ki gwosè.
- Kay dwe bay dokiman / prèv ke yo gen yon kriz lojman kounye a:

- o Aplike [isit la](#).

- o Si w ap viv andeyò zòn Boston an, vizite masshousinginfo.org pou jwenn ajans administrasyon lokal ou a.

- o Biwo Stabilite Lojman Boston an angaje pou ede rezidan gen lojman ki estab. Ou ka jwenn yon fèy enfòmasyon sou sèvis yo ak enfòmasyon pou kontakte yo [isit la](#).

Pwoteksyon kont degèpisman/expilsyon

- o City Life / Vida Urbana opere yon liy elektrik pou eviksyon ijans ak sezisman kay, nan lang angle nan (617) 934-5006 e pou Panyòl rele (617) 397-3773.



www.contracovid.com

o City Life / Vida Urbana gen yon lèt modèl (an [Anglè](#) e [Panyòl](#)) pou voye bay mèt kay ou a oswa bank ou si ou lwe, si ou gen yon prè ipotekè/morgage, oswa si kapasite ou pou peye te afekte pa coronavirus la.

Pou pwopriyetè kay yo ak pwopriyetè yo:

- Peman ipotèk

Lwa CARES la ofri kèk fòm soulajman ipotèk pou moun ki gen difikilte finansye akòz coronavirus la. Li mete an plas pwoteksyon pou pwopriyetè kay ki gen ipotèk apiye federalman:

1. Yon moratoryom sezi kay la
2. Yon dwa a tolerans pou pwopriyetè kay ki gen yon difikilte finansye akòz ijans COVID-19 lan
3. Si ou pa gen yon prè ipotekè apiye federalman, ou toujou ka gen opsyon sekou nan ajans rekouvremant prè ipotekè ou oswa nan eta kote ou rete a.

- Si ou pa kapab peye mògej ou, oswa ou ka sèlman peye yon pòsyon, kontakte founisè ipotèk ou a imedyatman epi pale ak yo sou zak la CARES. Ou ka aprann plis [isit la](#).

Pòtal pou Lòt Sèvis

- Resous de kominote spesifik pa kòd postal pou manje, abri, ak transpò disponib sou [AuntBertha](#)
- Ale sou [HelpSteps](#) pou ou ka jwenn èd pou lòt sèvis ki endike anba a. Pou tradwi paj la, klike sou lyen tradiksyon an sou bò dwat ki pi ba. Si ou bezwen èd pou navige sou sit wèb sa a, rele 1-781-428-4548.



Sante

Asirans ak kouvèti COVID obligatwa

- Si ou bezwen asirans sante, aplike pou MassHealth [isit la](#). Peryòd enskripsyon an te pwolonje jiska 25 avril. Nenpòt aplikasyon MassHealth ka retwoaktif nan premye jou nan twazyèm mwa anvan aplikasyon an. Masshealth ap pwoteje kouvèti asirans pou tout moun ki gen Medicaid nan dat 18 mas 2020, ak pou tout moun ki apwouve pou kouvèti asirans pandan epidemi COVID-19 ijans nasyonal, epi pou yon mwa apre peryòd ijans la fini. Kouvèti asirans lan pral sèlman fini si yon moun mande pou yo sispans elijiblite yo oswa si yo pa abite nan eta a ankò. **Manm yo pa pral pèdi kouvèti asirans yo oswa gen yon diminyon nan benefis pou nenpòt ki lòt rezon.**
- Konn dwa'w konsènan kouvèti asirans sante pou COVID ki gen rapò ak depans:
 - o Tout konpayi asirans komèsyal yo e Group Asirans Komisyon an oblije kouvri sèvis medikal nesese ki fèt pa telefòn ou different mod elektronik menm jan yo kouvriw an pèsòn. [Lòd konplè a disponib isit la](#). Tout konpayi asirans yo dwe kouvri tretman ak tès ki gen rapò a COVID-19 san yo pa egzije pri-pataje -



www.contracovid.com

tankou kopeman ak ko-asirans. Anplis de sa, konpayi asirans pa ka mande pou otorizasyon davans pou sèvis sa yo. Pou plis enfòmasyon, klike [isit la](#).

Medikaman, Ranplisman pou preskripsyon, akouchman

- [MassHealth ap pèmèt renouvèlman medikaman an avans e ap refouni medikaman jiska 90-jou](#) pou enpe medikaman
- Si ou bezwen medikamanw livre pou ou, rele famasi lokal ou a pou opsyon livrezon. CVS ak Walgreens gen opsyon livrezon medikaman. Pou Walgreens, klike [isit la](#). Pou CVS, klike [isit la](#).

Asistans Finansyè pou Ijans

Enfòmasyon pou anplayè

- Ti biznis yo - Aplike nan [fon de sekou pou ti biznis isit la](#)
 - Se yon fon ki gen prèske \$10 milyon dola yo kreye pou bay soulajman finansye ak biznis Massachusetts ki afekte pa COVID-19. Massachusetts Growth Capital Corporation (MGCC) ap resevwa epi trete tout aplikasyon pou fon sa a.
- Vil de Boston an lanse "Small Business Relief Fund (Ti Biznis Fon de Sekou) ki ap komanse resevwa aplikasyon le 6 Avril. Ou ka kalifye pou jiska \$ 10,000. Biznis ou ka kalifye si:
 - Li gen mwens ke trannsenk (35) anplwaye
 - Li fè mwens pase \$ 1,500,000 nan revni anyèl, epi li anrejistre avèk, nan bon pozisyon avèk, ak opere nan, Vil Boston (eksepte chèn oswa franchiz antrepriz)
 - Plis enfòmasyon disponib [isit la](#).

Asistans Lajan Kach

Benefis chomaj ak lòt pwogram de sekou gouvènman an



- Benefis chomaj

- Aplike pou benefis chomaj [isit la](#).
- Depatman Asistans pou Chomaj la kapab peye benefis chomaj kounye a si yon travayè an karantèn akòz yon lòd pa yon otorite sivil oswa yon pwofesyonèl medikal oswa kite travay akòz risk rezonab pou ekspozisyon oswa enfeksyon oswa pou pran swen yon manb nan fanmi an epi li pa gen entansyon oswa li paka retounen nan travay. Travayè a pa bezwen bay dokiman medikal e bezwen sèlman disponib pou travay lè li kapab.
- Men lejislasyon ki annatant aktyèlman:
 - pèmèt nouvo reklamasyon yo peye pi vit, yo renonse peryòd atant de yon semèn nan pou benefis chomaj
 - pèmèt travayè yo kolekte benefis pou chomaj si travay yo fèmen e travay la ap reouvè nan 4 semèn ou mwens
 - bay plis sekou lajan anplis pou benefis chomaj

- Asistans Tanporè pou Fanmi ki gen Timoun Depandan yo (***To Continue* (11/19)**

Travayè nan restoran

- Pou travayè restoran ki te pèdi djòb yo, tanpri ale nan [lyen](#) sa a pou jwenn enfòmasyon pou kijan pou w aplike pou yon sibvansyon de \$1000.
- Sibvansyon sa a se pou ou si:
 - Ou te yon anplwaye ki travay pou poubwa an plentan (minimòm de 30 èdtan total pou chak semèn, epi li ka plizye restoran).
 - Ou te travay pou 3 mwa oswa pi lontan
 - Travay nan Massachusetts nan yon restoran, ba, kafe oswa yon club
- Wap bezwen soumèt yon aplikasyon, ansanm ak 2 dènye souch chèk ou yo

Soulajman pou Atis

- Boston etabli yon [Fon](#) pou Atis
 - Fon sa ki rele Boston Artist Fund ap bay chak atis ki rete Boston entre \$500 e \$1000 ki afekte pa kowonaviris



www.contracovid.com

- Li disponib pou tout atis ki rete Boston men l'ap bay atis ki pa fe mwens lajan priorite e ki pat jwenn fon nan vil Boston pou ane fiskal la (Jwilè 2019 jiska presan)

- [Fon Sekou Pou Mizisyen Yo](#)
 - Lap bay mizisyen yon ti fon de \$200. Moun ki aplike avan, se yo kap jwenn.
 - Aplike pou fon sa [isit la](#)
- Aksede [lyen sa](#) pou pli resous pou atis

Peman sèvis piblik ak fèmèn sèvis

- Yo pap femen [sèvis elektrik ak gaz pandan eta dijans la](#). Kliyan yo dwe pa okipe apèl kap mande yo pou pèman e kap menase pou yo dekonekte sèvis piblik yo. **Se pou w pridan ak raketè.** Enfòmasyon espesifik pou sèvis piblik Eversource, Unitil ak Liberty disponib [isit la](#).
- Lòt enfòmasyon ki soti nan [National grid](#)
 - Si ou pa kapab peye bil ou yo akòz difikilte finansye, sèvis piblik ou pap fèmèn pou pèman si:
 - Ou gen 65 lane oswa plis
 - Ou gen yon tibebe ki poko gen 1 an
 - Ou gen yon ijans medikal grav
 - **Pou plis enfòmasyon, tanpri rele nimewo telefòn ki sou bil ou.**
- [Komisyon Boston Dlo ak Egou. depwi Lendi 16 Mas, sispann tout rezidans sèvis rezidansyèl dlo pou pwochen prévisible](#)

Edikasyon

- **Edikasyon:** aksè gratis a Spectrum Broadband ak Wi-Fi Pou 60 jou pou nouvo etidyan K-12 ak etidyan inivesite (Pou pli enfòmasyon, klike [isit la!](#))
- **Edikasyon:** Enstiti Rechèch MIND ap ofri aksè gratis nan yon pwogram ansèyman matematik pou elèv ki nan 8èm ane (Pou pli enfòmasyon, klike [isit la!](#))
- **Edikasyon:** Scholastic ofri eksperyans aprantisaj gratis, sou entènèt pou timoun tout laj (Pou pli enfòmasyon, klike sou. [isit la!](#))
- Aksede resous Boston Public Library en liy [isit la](#)
- Aksede [United Way](#) pou w ka telechaje materyèl edikatif pou timoun
- Aksede [lyen sa](#) pou pi bon chanel edikatif Youtube pou timoun



Resous Sante Mantal

Enfòmasyon

- Sa yo se kèk fèy papye enfòmasyon ki ka itil pou fè fas ak enpak COVID-19 sou sante mantal, distans sosyal, ak karantèn:
 - **Ou ka jwenn enfòmasyon jeneral [isit la](#)**
 - **Enfòmasyon pou pale de COVID-19 ak timoun [isit la](#).**

Ekip Sipò pou Ijans

- Mobil kriz ekip
 - **[Ekip Sèvis Ijans Boston](#)** nan North Suffolk Mental Health: Rele **1-800-981-4357**.
 - **[Lis telefòn nan Massachusetts pou kriz](#)**
- Liy dirèk pou swisid ak kriz
 - **[Samaritans](#)**: rele (877) 870-HOPE (4673), tèks 24/7.
 - **[Liy Nasyonal pou prevansyon swisid](#)**: 1-800-273-8255.
 - **Pou èd an espanyòl**: 1-888-628-9454
 - **Pou moun ki soud/ Moun ki gen pwoblèm tande**:
 - Sèvis videyo - rele 800-273-8255
 - TTY - rele 800-799-4889
 - Vwa / Kasyon Telefòn - rele 800-273-8255
 - Web chat disponib [isit la](#).
 - **[Pwojè Trevor](#)**: 1-866-488-7386. Yon sèvis ki pou jèn moun yo ak moun omoseksyèl.
- Sipò pou adiksyon
 - AA, NA, Smart Recovery, ak lòt reyinyon sipò adiksyon gen opsyon sou entènèt.
 - [Resous jeneral](#)
 - [AA Resous Resous](#)
 - [Smart Recovery](#)
- Terapi / konsèy
 - Aksè [TalkSpace](#) pou sèvis terapi sou entènèt
 - Jwenn aksè [nan Iyen](#) sa a pou sipò emosyonèl gratis sou entènèt



www.contracovid.com

- Si ou deja ap resewva sikoterapi, ou ka gen opsyon pou sesyon aleka. Anpil terapè, si wi ou non yo ap nan pratik prive oswa kap travay soti nan yon sant sante nan kominote a, ka ofri terapi aleka via telefòn oswa yon lojisyèl videyo videyo ki konfòme HIPAA (tankou Zoom oswa Google Rankontre ak chifreman). **Mande terapè ou an / konseye'w ki sa opsyon ou yo pou sesyon vityèl si ou santi ou alèz ak terapi aleka.**
- Resous vyolans domestik ak abi
 - Pou moun ki deja fè fas ak vyolans domestik, distans sosyal ka ajoute risk.
 - **Liy dirèk pou vyolans domestik:** 1-800-799-7233. Webchat aksesib [isit la](#).
 - **Èd an espanyòl:** <https://espanol.thehotline.org/>
 - **Pou moun ki soud/ Moun ki gen pwoblèm tande:**
 - TTY: 1-800-787-3224
 - Web Chat nan <https://www.thehotline.org/>
 - **[SafeLink](#)** (liy dirèk vyolans domestik): 1-877-785-2020. **Hablan español.**
 - **[RESPOND, Inc.](#)**: (617) 623-5900. **Hablan español.**
 - **Pou moun ki soud/ Moun ki gen pwoblèm tande:** TTY / TDD 800-439-2370
 - **Moun ki gen difikilte pou pale:** rele 866-645-9870